

Apèsi sou Pwojè a

Depatman Transpò nan Vil Boston (Boston's Transportation Department, **BTD**) ap dirije yon pwojè ki rele "Plan Aksyon pou Transpò nan Columbia Road." Pandan pwochen 12 jiska 18 mwa yo, Vil la ap dirije yon pwosesis pou reyamenaje Columbia Road.

Vil la ak ekip konsiltan li yo pral kolekte kòmantè kominote a nan diferan pwen atravè pwosesis la. Apresa, y ap pran kòmantè sa a pou kreye opsyon potansyèl sou fason wout la la kapab reyamenaje. Apresa, y ap pote opsyon sa yo bay kominote a pou yo fè kòmantè anplis. Pou fini, vil la ap chwazi yon konsepsyon final.

Pwojè sa plis pase annik mete beton nan lari a, epi repare twotwa ak pasaj pou pyeton yo. Reyamenajman wout lan pral konsidere tout eksperyans rezidan ak moun k ap travèse wout la pandan y ap itilize pasaj sa a. Ekip pwojè a pral konsidere chanjman potansyèl nan liy sikilasyon vil la, twotwa ak estasyon bis. Nou pral travay pou fè eksperyans trajè nan Columbia Road la pi bon pou tout moun.

Plan aksyon pou Transpò Columbia Road la pral...

Kreye yon vizyon ak yon plan pou wout k ap gen alavni.

Plan aksyon pou Transpò Columbia Road la pa pral...

- Kòmanse okenn gwo konstriksyon (tankou, chanjman nan liy sikilasyon yo) san yo pa fè yon konsiltasyon enpòtan nan kominote a
- Enplike modifikasyon nan lojman, pak, biznis, lekòl oswa batiman espesifik

Ak kisa ou dwe atann ou nan reyamenajman Columbia Road?

1 Plis mwayen pou deplase

Vil la anvizaje yon avni avèk pi bon opsyon transpò pou tout moun. Vil la vle amelyore eksperyans moun fè lè y ap itilize Columbia Road. Gen prèske 6000 moun ki monte bis MBTA 16 chak jou nan semèn lan. **Pwojè sa a pral pran an konsiderasyon bezwen itilizatè transpò piblik, pyeton, moun k ap monte bekàn ak moun k ap kondui yo.**

2 Konsepsyon ri ki pi sèten

Gen yon gwo kantite aksidan ki enplike machin, pyeton ak bisiklèt ki fèt chak ane nan Columbia Road. Nan ane 2023 te gen 46 aksidan ki te fèt nan Columbia Road. **Pwojè a pral ogmante sekirite pou tout itilizatè yo pandan yo pral ajoute entèvansyon yo konnen ki pral ogmante sekirite.**


3 Yon eksperyans ki pi vèt

Pyebwa yo enpòtan pou sante moun ak anvivònman an paske li kreye lonbraj ak frechè nan vil la. Columbia Road gen mwens pyebwa pase lòt ri ki nan Vil la. Mank lonbraj ki gen nan Columbia Road fè kominote ki nan alantou a pi cho nan ete. **Pwojè sa a pral ajoute plis pyebwa ak amenajman peyizaj ki pral fè tanperati a bese pou ete a. Pwojè a pral ajoute atizay piblik, ban ak limyè pou kreye espas ki pi bèl pou chita epi mache sou kote wout la.**

Poukisa kounye a?

Columbia Road se youn nan gwo wout prensipal Boston. Wout sa a ki gen yon longè 2.5 konekte Franklin Park nan Blue Hill Avenue pou rive nan Moakley Park ak devan lanmè a. N ap jwenn sou tout liy wout la kay, ti biznis, espas adorasyon, sant sante, ak bèl bilding istorik.

Men amenajman Columbia Road fè li difisil pou moun vwayaje an sekirite. Wout la laj epi pasaj pou pyeton yo long. Machin ak bisiklèt yo pataje espas sou wout la epi trafik la lakòz reta pou moun k ap monte bis ak moun k ap kondui yo. Columbia Road gen mwens pyebwa ak espas vèt pase lòt ri nan Vil la sa ki fè li se yon espas mwens fasil pou mache.



Peryòd pou reyalize I

Etap 1:

Amelyorasyon wout ak twotwa yo tousuit

Vil la pral pale sou pwoblèm imedya ki kapab adrese tousuit. Li gen ladan l, repentire pasaj pyeton ak liy sikilasyon machin yo, bouche twou yo epi repare twotwa ki pa egal yo. *Nou pral kòmanse wè amelyorasyon nan prentan/ete 2024.*

Etap 2:

Pwojè Pilòtsouyon peryòd ki kout

Nou pral kolekte kòmantè kominote a pou fè konsepsyon epi teste chanjman tanporè yo sou yon ti nivo. Nou pral itilize yo pou ankouraje kòmantè nan kominote a konsènan transpò. Pwojè pilòt la pral chita kò l sou youn oswa plizyè nan objektif sa yo:

- fè modifikasyon nan konsepsyon vil la pou ogmante sekirite pou pyeton ak moun k ap monte bekàn yo
- ajoute pyebwa ak amenajman peyizaj pou plis lonbraj epi pou fè wout la pi bèl
- ajoute plis espas pou moun chita, jwe, oswa relakse sou kote wout la
- amelyore eksperyans lè w ap monte bis oswa Liy Fairmount

N ap mete pwojè a sou pye an otòn 2024, epi li ap gen ladan l evènman amizan pou kominote a.

Etap 3:

Vizyon pou reyamenajman ria

Vil la ap itilize yon nouvo apwòch pou patisipasyon piblik la. Ekip nou an ap bay plizyè fason pou moun yo enplike nan pwosesis la. Nan otòn/ivè 2024, nou pral dirije konvèsasyon kominotè konsènan opsyon pou nouvo konsepsyon ki posib pou Columbia Road. Nou ap atann nou pou moun yo rekòmande diferan konsepsyon pou diferan seksyon Columbia Road. *Pwosesis pou devlope yon vizyon ak konsepsyon pou reyamenajman an ap fini nan mwa Jen 2025.*

Kontakte Nou

columbiaroad@boston.gov
(617) 635- 1705
boston.gov/columbia-road



ESKÂNE POU W
ENSKRI POU MIZAJOU

Ekip

Depatman Transpò nan Vil Boston

- Xavier Lopez (Responsab Pwojè)

Konsiltan Teknik

- Toole Design Group (Responsab)
- Ajans pou amenajman peyizaj + Planifikasyon
- Reed Hilderbrand
- Kleinfelder
- Dawood

Konsiltan Angajman

- LivableStreets Alliance (Responsab)
- Dorchester Bay EDC
- Fairmount Indigo CDC Collaborative
- Jaypix Belmer
- Grayscale Collaborative
- Design Studio for Social Intervention

Imaj

Fotograf: Jaypix Belmer

